sart yi gën a yelloo matal mooy yi ngeen daganale péy ya

Jële na ñu ci Huqbata Ibn Haamir -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne : Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «sart yi gën a yelloo matal mooy yi ngeen daganale péy ya.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne sart yi gën a yelloo matal mooy yiy ñu man a daganal bànneexu ci jigéen, te mooy sart yi dagan te jigéen gi di ko sàkku bu ñuy takk sëy ba.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6021